

## Kesyon Yo Poze Souvan

Ki enfòmasyon mwen genyen sou kriminèl ki sou Pwobasyon an?

- Kondisyon pwobasyon yo
- Vyolasyon enpòtan pwobasyon an
- Manda yo

Enfòmasyon pèsonèl konsènan kriminèl sou pwobasyon yo pa ka pataje.

**Poukisa tribunal k ap sipèvize a diferan de tribunal kote kriminèl ki sou pwobasyon an te kondane a?**

Sèvis Pwobasyon Massachusetts la sipèvize kriminèl ki sou pwobasyon yo anndan kominate kote y ap viv la. Si yon kriminèl ki sou pwobasyon deplase al viv nan yon lòt kominate, sipèvizon yo kapab twansfere nan yon lòt tribunal epi yon lòt ofisyè pwobasyon.

**Èske y ap fè mwen konnen si kantite lajan rèstitisyon an chanje?**

Wi, ofisyè pwobasyon k ap sipèvize a oswa kòdonatè sèvis pou viktim yo pwal fè w konnen si pa genyen okenn chanjman. Kòm yon viktim krim, ou gen dwa pou di jij la sa ou panse sou nenpòt chanjman.

**Kouman pou m resevwa pèman rèstitisyon yo?**

Ou pral resevwa yon chèk ki soti nan Biwo Grefye tribunal la.

## Resous nan tout Eta a

**Sèvis Pwobasyon Massachusetts**

**Inite Sèvis pou Viktim Yo**

617-727-5300

**Biwo Massachusetts pou Asistans Viktim**

**Komisyon Konsèy Èd pou Viktim ak Temwen yo**

617-586-1340

**Depatman Konpansasyon ak Èd pou Viktim yo**

**Biwo Pwokirè Jeneral la**

617-727-2200, ext. 2160

**Depatman Sèvis Enfòmasyon Jistics**

**Kriminèl (DSEJK) – Inite Sèvis pou Viktim**

617-660-4690 or 617-660-4606 (TTY)

**Depatman Sèvis Jèn yo (DSJ)**

**Inite Sèvis pou Viktim**

617-960-3290

**Depatman Koreksyon Massachusetts (DOK)**

**Inite Sèvis pou Viktim**

(508) 422-1939 or toll free, 866-684-2846

(866) 6VIKTIM

**Komisyon Liberasyon Kondisyonèl**

**Massachusetts**

**Inite Sèvis pou Viktim**

508-650-4500

**Komisyon Anrejistremann Delenkan Seksyèl**

**(SORB) Inite Sèvis pou Viktim**

978-740-6440 or toll free, (800) 93MEGAN

(800-936-3426)

# Sèvis Pwobasyon Massachusetts



## Inite Sèvis pou Viktim

1 Ashburton Place, Room 405  
Boston, MA 02108

[www.mass.gov/probation](http://www.mass.gov/probation)  
617-727-5300

## Unit Sèvis pou Viktim yo

Inite Sèvis Viktim (ISV) Sèvis Pwobasyon Massachusetts la asire l ke viktим yo ak sivivan krim yo konnen dwa yo epi jwenn èd ke yo bezwen yo.

ISV an pral reponn kesyon ou yo ak ede ou avèk :

- Planifikasyon Sekirite
- Referans pou resous
- Entèvansyon Kriz
- Ale nan tribunal
- Kòdinasyon sèvis kominate yo

Pwojè sa a te sipòte pa Biwo

Massachusetts la pou Asistans Viktim a travè yon Sibvansyon Lwa sou Viktim nan Krim 1984 (LVNK) ki soti nan Biwo pou Viktim Krim yo, Biwo Pwogram Jistik yo, Depatman Jistik Etazini.

## Konnen dwa w yo

Deklarasyon Dwa Viktim Massachusetts yo bay viktим yo ak sivivan krim yo yon wòl enpòtan nan sistem jistik kriminèl la. \*

ISV a ede ak dwa ou yo nan:

- Jwenn non ak enfòmasyon pou kontakte ofisye pwobasyon an ki se sipèvize moun ki sou pwobasyon an
- Jwenn orè a pou pèman rèstitisyon yo
- Konnen nenpòt ki chanjman nan yon lòd rèstitisyon
- Pou yo ka tande w nan nenpòt odyans kote rèstitisyon an kapab chanje
- Pale ak yon ofisye pwobasyon anvan ou ranpli yon rapò prezans

\* Pou yon lis konplè sou Deklarasyon Dwa Viktim yo, tanpri al gade M.G.L. Chapit 258B

## Kesyon yo poze souvan

### Kisa pwobasyon ye?

Pwobasyon se yon santans ki òdone pa tribunal la. Pandan peryòd pwobasyon an, delenkan yo dwe swiv sèten règ ke yo rele kondisyon. Yo bay delenkan yo ofisye pwobasyon k ap verifye ke yo respekte òdonans tribunal la. Pandan peryòd pwobasyon yo, delenkan yo rele kriminèl ki sou pwobasyon.

### Sa ki rive si kriminèl sou pwobasyon yo pa obeyi ak òdonans tribunal la?

Lè kriminèl ki sou pwobasyon yo pa obeyi ak òdonans tribunal la, ofisye pwobasyon pa yo a ka mete jij la okouran epi mande yon odyans nan tribunal la ki rele yon "Vyolasyon Pwosedi Pwobasyon".

### Kisa yon Vyolasyon Pwosedi Pwobasyon ye?

"Vyolasyon Pwosedi Pwobasyon" se odyans tribunal. Nan odyans yo, ofisye pwobasyon yo prezante prèv ki montre ke te gen yon Vyolasyon pwobasyon. Si jij la deside ke kriminèl ki sou pwobasyon yo te vyole pwobasyon an, answit yo kapab chanje règleman oswa kondisyon yo oswa bay lòd pou anprizonnan.

### Si yon delenkan kondane nan prizon kòm yon rezulta yon Vyolasyon Pwosedi Pwobasyon, èske yo ka meme m okouran de liberasyon yo?

Wi. Kontakte Inite Sèvis Viktim lan. Nou pral ede w devni sètifye pou ka resevwa notifikasyon liberasyon.